Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 22 декабрь Рузман №52 (7813) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ (12+)

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

------------------- ЛъагIалил хIасилал -2023 ----------------

## Владимир Путин: «Рекъел букIине буго нилъер мурадал тIуран хадуб»

14 декабралда РФялъул президент Владимир Путиница кьуна СМИязул журналистазул ва халкъалъул суалазе жавабал.

Ункъо сагIаталъ халатбахъараб тадбиралда президентасе кьуна батIи-батIияб суалал, ва гьес гьезие кьуна чIванкъотIарал жавабалги.

Гьоркьехун рахъулел руго кьокъ гьарун цо-цо суалал ва гьезие жавабал.

**-Араб анкьалъ, Владимир Владимирович, дуца лъазабуна Президентасул хъулухъалде вищизе гьаркьие лъезе вугилан. Гьелда хурхун буго суал: кинал масъалаби дуе аслияб улкаялда жанир ва гьеб тун къватIирехун?**

**Жаваб:** Гьелъул хIакъалъулъ дица гIемер бицана, такрар гьабуни, мунагь букIинаро. Россия гIадаб улкаялъе суверенитетги (жибго жиндаго чIей) гьечIого бетIербахъи гьабизе рес рекъоларо. Гьединлъидал аслияблъун ккола суверенитет щула гьаби. Гьелъул магIна кIудияб буго. Суверенитет щула гьаби ккола улкаялда жибго цIунизе бажари, къватIисан хIинкъи гьечIолъи букIинаби. РакIалде ккола гьаб суалалъе жаваб кьолаго, хIажалъи ккеларин кинабго рахъалъул рагьун бицине. РакIчIола гьаб аудиториялда, гьединго тIолго улкаялда бичIчIулин суверенитет гьечIого Россиялда бетIербахъи гьабизе бажарулареблъи. Финансовиябгун экономикияб ва технологияб суверенитет буго щибаб улкаялъул букIинесеб, Россияги гьоркьобе бачун.

**Суал: СВОялда кинаб ахIвал-хIал бугеб гьабсагIат? Кида букIине бугеб рекъел?**

**Жаваб:** Рекъел букIине буго нилъ мурадалде щведал. Мурадал хисун гьечIо, гьолго руго: Украинаялъул денацификациягун демилитарицация ва гьелъул нетралияб статус. Байбихьуда рекъел гьабиялъул гара-чIвариял гьарулелъул кинабгIаги денацификациялда разилъулел рукIинчIо гьел. Гьез абулеб букIана Украиналда кинабгIаги фашизацияги гьечIилан. Кин гьечIеб? Миллияв бахIарчилъун Бандера лъазавидал? Холокосалда 1.5 млн. жугьутIав чIварав ССалъул вукIарав солдатасе Киевалъул администрациялъул нухмалъулес хъат чIвалеб мехалъ? Демилитаризация ва денацификация жеги букIине буго. Жакъа Украиналда кинабгIаги производство гьечIо, кинабго ярагъ баччунеб буго къватIисан, гьебги чIобого. Амма гьеб кидакъадги лъугIила. БакътIерхьул улкабаз гьезие кьезе кьотIи



гьабураб ярагъ кьуна, гьеб гьезие щвана. Нилъер аскарияз гьеб ярагъ тIагIинабулеб буго. Гьебги ккола демилитаризация. Ялъуни, гьез ракьлилаб кьотIи гьабизе буго, гурони, нилъеца гьеб суал тIубазе буго къуватги хIалтIизабун. Гьелде ине кьеркьолелги руго.

**Суал: БукIине бугищ мобилизациялъул кIиабилеб карачел?**

**Жаваб:** Дида бичIчIула, гьеб буго асар лъугьинабулеб суал. ТIоцебе нилъеца ахIана рагъде 300 азарго чи. Гьезда гьоркьоса 14 вахъана Россиялъул БахIарчилъун. 486 азаргоялде гIунтIун чи вуго кодоб ярагъгун жакъа ВатIан цIунулев. 41 азарго чи аскарияб хъулухъалдаса эркен гьавуна чорхол сахлъиялда бан, гIумрудул тIарамагъадисеб ригьалде щун вукIиналъ ва цогидалги гIиллабазда бан. Контракталда рекъон рагъде витIеян кьойил бачIуна 1500 гIагарун чиясул хитIаб. Щиб гьабизе нилъее мобилизация. БукIине гьечIо гьеб.

**Суал: ГIемерал руго нилъер жидеего бокьун, мобилизациялда рекъон, рагъде арал гIолохъаби (добровольцал). Хасаб рагъулаб операциялда хъулухъ гьабулезе хIукуматалъ чIезарун руго хасал шартIал ва бигьалъаби. РукIине ругищ контрактниказе гIадал шартIал ва бигьалъаби добровольцазе?**

**Жаваб:** Кодоб ярагъгун вугев добровольцасеги контрактникасеги ращадал рукIине руго шартIал ва бигьалъаби, цого букIине буго гьезие гьабулеб кумекги.

**Суал: Бергьенлъи бихьулеб буго, хIатта тушманасдацин гьеб бичIчIулеб буго. Амма кидаха рагъ лъугIине бугеб? Кин букIине бугеб СВОялъул ветеранал хIалтIудалъун хьезари, гIуцIизе бугищ гIолилазе тарбия кьезе рагъулабгун патриотикияб структура? Бугищ гьединаб план?**

**Жаваб:** Рагъда рукIарал аза-азар яргъилал гьудулзаби, рагъулаб хъулухъги тIубан, ракьлилаб гIумруялде тIадруссана, хIалтIулел руго школазда ва лъималазул коллективазда. ЦIакъго хIажат буго гIолохъанаб гIелалъе патриотикияб тарбия кьей. ГIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъуль гьезул-ветераназул хIажалъи цIикIкIараб букIине буго. Бищун лъикIаб тарбия букIуна жидерго мисалалдалъун кьураб. Нужерго мисалаздалъун нужедасан лъикI лъица гьезие тарбия кьелеб?

**Суал: ТIадеялъул Россиялъ къабул гьабизе буго БРИКС. Кинаб пикру бугеб дур Китаялъулги, Россиялъулги бухьеназул букIинеселъул хIакъалъулъ?**

**Жаваб:** ТIадеялъ жеги цIикIкIине руго Россиялъулги Китаялъулги гьоркьосел дармил бухьенал. Экономикаялъул батIи-батIиял рахъалги церетIолел руго. БРИКСалда гьоркьобги Россиялъулги Китаялъулги хIаракат цIикIкIараб буго. Нилъер улкабазде хIалуцин цIикIкIинабизе кьеркьолел руго БакътIерхьул улкаби, нилъин абуни, блокалги гIуцIичIого, нилъерго улкабазе пайдаялъе хIалтIулел руго.

**Суал: ТIегьалеб буго миллатчилъи ва антисемитизм. Фронталда гьеб лъалеб хIал гьечIо. Окопазда цадахъ руго батIи-батIияб миллаталъул рагъухъаби, амма Россиялъул регионазда гьеб кутакалда загьирлъулеб буго.**

**Жаваб:** Ахираб заманалда загьирлъулеб буго миллатчилъиги батIияб диналдехун рокьукълъиги. Гьелъие гIилла буго Палестиналда бусурбаби гъурулел рукIин ва гьелъул хIасилалда нилъер бусурбабаз гьезул рахьги ккезе гьира загьир гьаби. Нилъер улкаялъул нухмалъиялъ хIаракат бахъулеб буго киналго миллаталги диналги ращад гьаризе. Дунялалда бугеб хIал улкаялде биччазе бегьуларо.

**Суал: Регионазда хиралъун руго гIанкIудал ханал, анцIго хоноялъул багьа 180-220 гъурщиде бахун буго. Гьединго хиралъун буго гIанкIудал гьанги.**

-Ханаздехун гIадамазул хIажалъи цIикIкIун буго, амма гьелъул производствоялъул къадар дагьлъун буго. Жиндир заманаялъ рагьичIо гьелъие импорт. Гьанже гьелда сверухъ хIукму гьабун буго, ахIвал-хIал лъикIлъизе буго.

**Суал: Республика Сербия. Нижеда гIайиб гIунтIизабулеб буго нижеца Россиялъул рахъ кколеб бугилан, амма нижехъ гьечIо Россиялъул цогIаги СМИ.**

**Жаваб:** Нилъер пикраби тIубанго данде кколел руго. СМИялъул суал тIубазе буго.

**Суал: Кин дуда бихьула Евросоюзалъулгун гьоркьоблъи лъикIлъи гIагараб букIинеселда? Ахираб заманалда якьинго бихьулеб буго БакътIерхьул улкаби свакан рукIин Украиналъе кумек гьабулел рукIун. Дуца кинаб кьимат кьолеб гьеб ахIвал-хIалалъе?**

**Жаваб:** Евросоюзалъулгун гьоркьоблъи лъикIлъизаби цохIо нилъеда бараб гуронилъеца хвезаричIо гьеб, гьез хвезабуна нилъгун. Сундасаха байбихьараб Украиналда тункагIуси?

2014 соналда Украиналда пачалихъияб хиса-свери ккелалде анцIго соналъ цебе жигар бахъулеб букIана нилъеца гьезулгун лъикIаб гьоркьоблъаби чIезаризе. 2014 соналдаса хадуб нилъеда бичIчIана, зулму гьабунги, Украиналъулгун лъикIал гьоркьорлъаби чIезаризе нилъее СШАялъ ва БакътIерхьул улкабаз рес кьезе гьечIеблъи.

СШАялъ цогидал халкъазул къиматги гьабун маслихIат цIехезе байбихьидал, гIуцIизе руго нилъеца гьезулгун букIине кколедухъ гьоркьорлъаби рукIалиде ккезаризе шартIал.

ГьабсагIат гьединал шартIал гьечIо, амма нилъ гьелде хIадурал руго.

ГI. Малачдибиров

**Данделъи**

## Районалъул бетIер дандчIвана кIвандерил жамагIатгун

Араб рузман къоялъ 15 декабралда, районалъул бетIер Шамил ГIумаров дандчIвана кIванада росдал жамагIатгун.

Гьевгун цадахъ гьенире щвана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов, районалъул электросеталъул нухмалъулев МухIамад Гъазиев, социалияб рахъалъ цIуниялъул районалда бугеб управлениялъул нухмалъулев Арслан МухIамадов, райгазеталъул бетIерав редактор ГIубайдула МухIамадов ва районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расулов.

Шамил ГIумаров вачIинахъего щвана росдал школалде ва дандчIвана коллективгун.

ДандчIваялда бицана росулъ бараб школалъул, бакIалъулал нухал къачIаялъул, пачалихъиял программабаздаги гIахьаллъун росулъ социалиял бакIал разе ккеялъул.

ГIемер суалал кьуна росдал гIолохъабаз районалъул бетIерасе. Хасго гIемерисезул рахIат хвезабулеб суал ккола росулъ жанир токалъул хIубал ва квар хисизе ккей.

Гьеб рахъалъ гьабизе бажарулеб кумекалъул мукIканго бицана районалъул электросеталъул нухмалъулев МухIамад Гъазиевас. Гьединго рорхана росдал нух къачIаялъул суалги.



Армиялде гIолохъаби ахIиялъул суалгун кIалъазе вахъана рагъулав комиссар МухIамадрасул Расулов.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас божилъи гьабуна КIвандерил росдае социалияб рахъалъ кумек гьабизе.

**ГIубайдула Малачдибиров**

**Конкурс**

## ЛъагIалил учитель

13-14 декабралда Агъвали тIобитIана «ЛъагIалил мугIалим» абураб Т1олгороссиялъул конкурсалъул муниципалияб этап.



Конкурс тIобитIиялъул мурад букIана мугIалимасул профессионалияб махщел цебетIей, гьезул хIалтIул къадру -къимат борхи.

Конкурс рагьиялъул баркиялулаб к1алъайгун цеве вахъана районалъул лъайкьеялъул управлениялъулнухмалъулесул заместитель ХIабиб АхIмадов.

Конкурсалда гIахьаллъана районалъул школазул анльго мугIалим.

ТIоцебесеб туралда «Методикияб мастерская» кьецазулъ гIахьаллъараз бихьизабуна жидер бугеб махщел ва гьунар, гIолеб тIелалъе лъайкьеялъулъ цIираккарал гIадатал ва пишаби. Гьезда гьоркьоса финалалда рахьана ПатIимат ИсмагIилова(Агъвали), ГIайшат МухIамадова (ТIинди) ва Мурад Дибиров (Метрада).

КIиабилеб туралда дарс кьуна предметазул ва рукIарахъиназда гьоркьоб хурхен абураб темаялда.

КIиябго туралъул хIасилалда тIоцебесеб бакI ккуна Метрада школалъул мугIалим Мурад Дибировас, кIиабилеб бак1 - ТIинди школалъул мугIалим ГIайшат МухIамадовалъ, ва лъабабилеб бакIалде ккана Агъвали гимназиялъул мугIалим ПатIимат ИсмагIилова.

Лъайкьеялъул х1алт1ухъабазул профсоюзалъул райкомалъул нухмалъулев Заур МухIамадовас бергьаразе ва призеразе кьуна гIарцулал сайгъатал. Меценат КъурамухIамад Гучучг1алиевас жиндирго рахъалъан сайгъат гьаруна хинал одеялалги.

Мурад Дибиров гIахьаллъизе вуго февралалда Буйнакск районалъул Гъоркьияб Къазанище росулъ т1обит1изесеб зоналияб этапалда.

**ПатIимат МуртазагIалиева**

## ВатIан цIунулезул кьерда

Украиналда хасаб рагъулаб операция байбихьилелдего Россиялъул армиялда хъулухъ гьабизе ана рагъулаб къотIиги хъван Гьигьалъа МухIамадкамил КъурамухIамадов. Гьеб




байбихьаралдаса нахъе гьенив вуго гьев нильер ракълилаб гIумруялъеги букIинесеб талихIалъеги гIоло къеркьолев.

БахIарчияв рагъухъан хIисабалда гьев кIодо гьавун вуго «Георгиевский крест 4 степени» орденалдалъун ва «За отвагу» медалалдалъун.

**Айдимир Шамилов**

**Конкурс**

## Лъималазул фольклор

Дагъаб цебе Агъвали тIобитIана «Дир мина-ригь-ЦIумада» абураб темаялда рекъон цIалдохъабазда гьоркьоб фольклориябгун театралияб церерахъиналъул конкурс. Гьенир лъимал сценаялда цере рахьана умумузул букIараб ратIлил формаялда,



рихьизаруна фольклоралъул гIадатазда рекъон умумузул букIараб гIумру-яшав, рукIа-рахьин.

Конкурсалда гIахьаллъараб ункъабго школалъул коллективазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъ, кIиабилеб -ТIинди ва ТIиси-ахикь командабаз, лъабабилеб бакIалде ккана Къеди школалъул команда.



Лъималазул церерахъинал рукIана кутакалда магIна бугел, нильер умумузул букIараб некIсияб гIумру цебечIезабулеб, магIарулазул гIадатал ва мацI цIуниялъе гIолеб тIел ахIулеб. Амма, гIайиб гурищха, гьединаб тадбиралда районалъул ункъо школалъ гурони гIахьаллъи гьабичIебльи.

Гьединал тадбиразда гьеб гурони школазул гIахьаллъи гьечIони, кин цIунилеб нильеца магIарул мацIги, адабиятги, маданиятги. Гьелде кIвар кьезе ккола лъайкьеялъул ва маданияталъул идарабаз.

**ТIайпур Юсупов**

Районалъул бетIерасул барки

## ХIурматиял ФСБялъул хIалтIухъаби ва ветеранал!

Баркула нужеда профессионалияб байрам!

Нусго сонидасаги цIикIкIун заман ана нужер идара гIуцIаралдаса, гьеб заманалда жаниб цо нухалъ гуро нужеца хIехьарал цIидасан гIуцIиял ва цIарал хиси. Гьебщинаб заманалда жаниб хисичIо нужер бахIарчилъи, цIодорлъи, жигарчилъи, профессионализм ва ритIухълъи.

Байрам баркулаго, бокьун буго нужее улкаялъул миллияб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъухъ баркала кьезе, ва гьаризе цулияб сахлъи, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**ХIурматгун, Шамил ГIумаров**

## ХIурматиял энергетикаялъул хIалтIухъаби ва ветеранал!

Баркула нужеда нужер байрам -энергетикасул къо!

Гьанжесеб заманалъ энергетика ккола общество тIегьаялъе къучIлъун. БатIаго нужеда бараб буго районалъул учреждениябазул, школазул, лъималазул ахазул, больницаялъул гьоркьоса къотIи гьечIеб хIалтIи, щибаб рокьоб рахIат ва хинлъи, щивав чиясул гIумрудул лъикIлъи.

Нуж хIалтIулел руго къасиги-къадги, гIаздалъги, цIадакьги, риидалги, хасалоги, захIмалъабазда балагьичIого.

Нужеда профессионалияб байрамги баркулаго, бокьун буго нужее баркала кьезе захIматаб ва ракIбацIцIадаб хIалтIухъ.

**ХIурматгун, Шамил ГIумаров**

# ТЕРРИТОРИАЛЬНАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ ЦУМАДИНСКОГО РАЙОНА

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**18 декабря 2023 г.** **№33/80-5**

### О сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий

На основании пункта 12 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, территориальная избирательная комиссия Цумадинского района **постановляет:**

1. Объявить о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий.
2. Установить, что сбор предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий осуществляется с 6 января по 26 января 2024 года.
3. Утвердить прилагаемый текст Сообщения территориальной избирательной комиссии Цумадинского района о сборе предложений по кандидатурам для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий.
4. Направить Сообщение территориальной избирательной комиссии Цумадинского района для опубликования в районной газете "Голос Цумады».
5. Направить настоящее постановление для размещения на официальном сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

**Председатель территориальной избирательной комиссии**
**Цумадинского района М. Газиев**

**Секретарь территориальной избирательной комиссии**
**Цумадинского района Х. Дибирова**

Приложение
к постановлению №33/80-5 территориальной
избирательной комиссии Цумадинского района
18 декабря 2023 года

### Сообщение территориальной избирательной комиссии Цумадинского района

Руководствуясь пунктами 12 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее - Порядок), территориальная избирательная комиссия Цумадинского района сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий (далее -УИК), сформированных на территории Цумадинского района.

Приём предложений осуществляется в период с 6 января по 26 января 2023 года территориальной избирательной комиссией Цумадинского района:

| Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|
| 1695-1738 | 368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, ул. К.Абакарова, 97, Почта, 2 этаж, кабинет территориальной избирательной комиссии. |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет».

Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий не устанавливается.

В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

Динияб бокIон

# Ахираталъул нуцIа

**Хвел букIин хIакъаб буго. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналдаги абуна (магIна): «Щибаб жо хвезе буго», - ян (сура «ГIанкабут», аят 57).**

Нилъеда ракIалдего кколаро дун хвезе вугин абун. ХIакъаб жо, хвел щивав чиясда тIаде щола. Гьаб дунял тун цогидаб дунялалде нилъ гочуна. Гьенибе цадахъ босулеб жоги буго нилъерго гIамал. ГIали ибну Абу ТIалибица абуна: . «Хвел гIемер рехсарав чи Аллагьас дагьаб къуралда гIей гьабун чIола», - ян.

Хвеларин ракIалде ккарав чиясе бокьула дунялалда хадув лъугьине ва бечелъи бакIаризе. Хвел кIочон теялъ гьев гIала мекъал жал гьариялде. Амма хвалил пикру гьабулеб бугони ракIалда щвезабула ахират букIин, Аллагьасда цеве чIезе кколеблъи.

Абула хвел кIочон теялъ ракI чIунтизабулин абун. ГIусман ибн ЯхIяца абуна: «Хвел ракIалде щолев чиясул рекIелъе щайтIан лъугьунаро. Гьев гьапуллъараб мехалъ щайтIаналъ гьесдехун нух балагьула», - ян.

ГIажаибаб жо гьечIищ, диналъул вацал ва яцал, нилъ холин ракIалде ккунгутIи. Нижеца пикру гьабе, щайих МухIаммад Абул Яср ГIабидинил рагIабазул: «Умматалъул гIалимзаби тIадрекъана хвалие заман цIан гьечIин абиялда. Гьеб бокьараб мехалъ тIаде бачIуна. Гьелъ инсан кидаго хIадурлъи гьабулев вукIинеги ккола. Щайин абуни, хадуб ракI бухIула, амма кватIун букIуна. Гьеб жо бичIчIизе гIемерал вагIзабазде хIажатищ бугеб?»-ян.

Абула Давуд авараг хвел ва къиямасеб къо ракIалде щвараб мехалъ кутакалда гIодулаанин, хIатта лъавудаса унаанин абун. ТIадегIанав Аллагьасул рахIмат щведал вигьа-вичунги вачIунаанин.

Хабалазде щвезе лъикIаб буго. Щайин абуни, гьелъ хвел, ахират ракIалде щвезабула.

Чиясда кIочон тезе бегьула хвезе вукIин. Ибрагьим Тайми абурав валияс абун буго: «КIиго жоялъ дир дунялалъул лазат къотIизабула: хвезе вукIин ва ТIадегIанав Аллагьасда цеве чIезе кколеблъи лъалеб букIиналъ»,- ян.

Кинниги хьул халатаб жо буго. РакIалдего кколеб гьечIо хвезе вугин абун. Хьул лъейги буго бищун чи гуккулеб жо. Гьелъ гIемерал чагIи пасалъизаруна.

Жакъа балагье, гIемерав чи холев вуго тохлъукьего. РакIалда гьечIого хвеларин ккарав чиги холев вуго. ГIолохъанаб ригьалда холел гIемерлъун руго. Абула къиямасеб къо гIагарлъулеб мехалъ тохлъукьего бачIунеб хвел гIемерлъизе бугин абун. Гьелъие мисалалги нилъеда берда цере руго.

ГIали-асхIабас абуна: «КIиго пиша буго дун хIинкъулеб: гьаваялда нахърилълъин ва хьул лъей. Гьаваялда нахъвилълъиналъ инсан гьукъула хIакъаб жоялдаса. Хьул лъеялъин абуни дунял бокьизабула».

КIудияв гIалим, мужтагьид Суфяну Саврияс абуна: «Метер чIаго хутIилин ракIалде ккарав чияс хвалие хIадурлъи гьабичIо»,-ян.

Гьелъул магIна ккола лъикIал гIамалал гьари нахърахъулин метерисеб къо щвезегIанин абураб. ТIаде хвелги бачIун, щибго гьабичIогоги хутIула.

ХIатаму Асамица абуна, жаназаги тIобитIун къватIив вахъарав чияс пикру гьабичIони (хвалил), гьесие гIелмуялъ, хIикматалъ ва вагIзаялъ пайда гьабуларин абун.

Ункъо чиясда гурони бичIчIуларо ункъо жоялъул къимат: херав чиясда гурони бичIчIуларо гIолохъанлъиялъул къимат. ГIумруялъул парахалъи бичIчIуларо агьлуялъул балагьалда гурони. Сахлъиялъул къимат бичIчIуларо унтаразда гурони. ЧIаголъиялъул къимат бичIчIуларо хварасда гурони.

ХIусейн ибну ГIалица абуна хвел кколин ахираталъул нуцIайилан.

**Шамил МухIамадов**
**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

# МугIаз АсхIабасе гьабураб васият

Свалат-салам лъеяв Аварагас МугIаз АсхIабида цо нухалъ абунила: **«Дица дуде васият гьабулеб буго мун Аллагьасукьа хIинкъайила, битIарабги бицейила, аманатги нахъе буссинабейила, гьабураб къотIиги тIубайила, садакъаги кьегьила, гIамал-хасиятги лъикI гьабе»-** илан абун.

Свалат-салам лъеяв Аварагасда гьикъанила: **«Бусурбанчияс жо бикъулищан?»** -абун, **«Бикъула»,** -ян гIалайгьи саламас абидал, **«Бусурбанчияс чи чIвалищилан?»** гьикъанила, **«ЧIвала»,**-ян абидал, **«Гьереси бицунищин»**-гьикъанила, гIалайгьи саламас абунила: **«Муъминчияс гьереси бицунаро»**,-ян абун.

Цойги хIадисалда буго: **«Инсан гьереси бицуневлъун вукIинила гьелъул щибго ургьелги гьабичIого, Аллагьасда аскIов гьерсихъанлъун жив хъвазегIан, гьереси бициналъ къосиналде вачунила, къосиналъ жужахIалде вачунила»,**-абун.

Гьереси бицин хIарам гьабуна, гьелъ тIаде бачIинабулеб жоялъухъ балагьун, амма гьереси бицине бегьуларинги абун, гIадамазда гьоркьоб мацI гьабизеги бегьуларо.

Мисалалъе: кIиго чиясда гьоркьоб рекъел гьабиялъе, рос-лъади рекъеялъе гьереси бицаниги бегьула, гьелъул мунагьги букIунаро, гьелъул бакIалда гьеб гьесие кирилъун букIуна, гьесул ниятальухъ балагьун.

**«КIиябго рукъалъул талихI»** абураб тIехьалдаса босараб

# ПРОТОКОЛ ПУБЛИЧНЫХ СЛУШАНИЙ

**по проекту бюджета муниципального образования МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 гг.**

Дата проведения: 19.12.2023 г.
Время проведения: 10:00 ч.
Место проведения: с.Агвали актовый зал управлении культури администрации МР «Цумадинский район».

На слушаниях присутствовало 75 человек.

Вопрос вынесенный на публичные слушания: проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 гг.

Председательствующий: Омаров Ш.А.- глава МР «Цумадинский район»

Секретарь: Магомедов А.А.-депутат Собрания депутатов МР «Цумадинский район»

Лица, приглашенные на слушания:
Магомедов Г.М.- начальник ОФ, М. М. Загидов -председатель КСП, Ибрагимов Т.А.-нач ОПРиИТ, депутаты Собрания депутатов МР «Цумадинский район», работники администрации МР «Цумадинский район», главы АСП, жители района.

Председательствующий открыл слушания и сообщил, что рассматривается проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов. Также проинформировал о существе обсуждаемого вопроса, его значимости, порядке проведения слушаний, участников слушаний. Он сказал, что публичные слушания проводятся в соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 N 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МР «Цумадинский район», Положением о бюджетном процессе МР «Цумадинский район», утвержденным решением Собрания депутатов МР «Цумадинский район» №8 от 28 сентября 2017 г.

Информационное сообщение о проведении публичных слушаний было опубликовано на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» и в районной газете «Голос Цумады».

Процедура проведения публичных слушаний подразумевает изучение общественного мнения, высказывание замечаний, предложений. Итогом слушаний будет принятие Заключения.

Председательствующий предложил порядок работы:

заслушать доклад по рассматриваемому вопросу, проголосовать за принятие Заключения.

Далее председательствующий предоставил слово начальнику финансового отдела МР «Цумадинский район» Магомедову Г.М.

Докладчик изложил основные параметры бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 г. указал, что в ходе подготовки к слушаниям от жителей района предложения и замечания не поступили.

От присутствующих поступили вопросы, на который были даны исчерпывающие ответы.

Председательствующий: Доклад окончен. Есть ли вопросы к организаторам слушаний? Желающие выступить?

Если нет вопросов и желающих выступить, то для подведения итогов публичных слушаний, выносится на голосование вопрос об одобрении проекта бюджета МР «Цумадинский район» на 2024год и плановый период 2025-2026 гг.

Голосование по вопросу, вынесенному на публичные слушания: «Проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 гг.

За одобрение - 75 человек
Против - 0
Воздержался - 0

Результаты публичных слушаний:
Проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов одобрен участниками слушаний. Письменных предложений и замечаний от жителей МР «Цумадинский район», иных заинтересованных лиц, участников публичных слушаний не поступило.

**Решение:**

1. Одобрить проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов.

2. Рекомендовать рассмотрение и утверждение проекта бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов на очередной сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район».

3.Опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

**Председательствующий: Омаров Ш.А.**
**Секретарь собрания: Магомедов А.А.**

## Заключение

О результатах публичных слушаний по проекту бюджета МР «Цумадинский район на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов.

Инициатор публичных слушаний: администрация МР «Цумадинский район».

Тема публичных слушаний: проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов.

Дата проведения: 19.12.2023г
Время проведения: 10 :00 ч.
Место проведения: с.Агвали актовый зал управлении культури администрации МР «Цумадинский район»

Количество участников: 75 человек.

Голосование по вопросу, вынесенному на публичные слушания: «Проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов».

За одобрение - 75 человек
Против - 0
Воздержался - 0

В результате обсуждения проекта бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов, принято **решение:**

1. Одобрить проект бюджета МР «Цумадинский район» на 2024 год и плановый период 2025-2026 гг.

2. Рекомендовать рассмотрение и утверждение на очередной сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район проекта бюджета МР «Цумадинский район на 2024 год и плановый период 2025-2026 годов.

3. Опубликовать информацию о проведении публичных слушаний в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

**Председательствующий Омаров Ш.А.**

# Объявление

Администрация сельского поселения «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района РД информирует о намерении сдать в аренду земельные участки сельскохозяйственного назначения расположенные на территории администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» с кадастровыми номерами: 05:38:000072:137 общей площадью 39222кв.м., 05:38:000072:8 51425592кв.м., 05:38:000052:703 общей площадью 10674369кв.м., 05:38:000072:168 общей площадью 2017538кв.м., 05:38:000072:170 общей площадью 2422926кв.м., 05:38:000072:167 общей площадью 4045222кв.м., 05:38:000072:173 общей площадью 5286998кв.м., 05:38:000072:169 общей площадью 6887381кв.м.,, 05:38:000072:171 общей площадью 3319758кв.м., 05:38:000072:172 общей площадью 3605514кв.м.

**М. Магомедов, глава администрация сельского поселения «сельсовет Тиндинский»**

**Эркенаб гугари**

# Районалъул чемпионат

16 декабралда Агъвали тIоритIана 2013 соналъ гьарурал лъималазда гьоркьор эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъул къецал. Гьенир гIахьаллъана Агъвали, Хонохъ, Къеди, Гьаквари, ТIинди, Лъондода, Инхокъвари ва Хуштада школазул 98 гугарухъан. Къецазул ккана хадур рехсарал хIасилал:

**ТIоцебесеб бакI:** 22 кг. - МухIамад МухIамадов (ТIинди), 24 кг.- ГIабдула АхIмадов (Хуштада), 26 кг.- ХIажияв ХIусенов (Агъвали), 28 кг .-ГIалибахIарчи МухIамадов (ТIинди), 30 кг. -МухIамад ГIалиев (ТIинди), 32 кг.- МахIачев ГIабдула (Инхокъвари), 35 кг.- Арадахов Абубакр (Агъвали), 38 кг.- ХIусенов Халид (Агъвали), 42 кг.- МухIамадов Аюб (Агъвали), 46 кг.- Аличуев Юсуф (ТIинди).

**Абсолютияб цIайиялда** (46кг.+) чемпионлъун вахъана Инхокъвариса СилахIудинов Давуд.

**КIиабилеб бакI:** 22 кг.- ГIабдула МухIамадов (ТIинди), 24 кг.- Ибрагьим Ибрагьимов (Агъвали), 26 кг. -Ибрагьим Бадрудинов (Агъвали), 28 кг. - Ибрагьим Мусаев (ТIинди), 30 кг.- МухIамадтIагьир Джамалов (Агъвали), 32 кг. - Агьабалаев Асадула (Лъондода), 35 кг. - ХIажимухIамадов ГIабдула (Хуштада), 38 кг. -ХIамзатов Зейд (Агъвали), 42 кг. - ХIажигIалиев МухIамадсаид (Хуштада), 46 кг. - МуртазагIалиев МухIамад (Агъвали), 46 кг. - ИсхIакъов Якъуб (Агъвали).

**Лъабабилеб бакI:** 22 кг. - ГIабдурахIман Аличуев (ТIинди) ва ХIажиев Шамил (ТIинди), 24 кг.- ЗагьидхIажи Саидов (Агъвали) ва Исаев МухIамад (ТIинди), 26 кг. - ГIабдулхIалимов Сиражудин (ТIинди) ва ХIабиб СагIадулаев (Хуштада), 28 кг. - МухIамадов МухIамад (ТIинди) ва ГIабдулхабиров Надирбег (Къеди), 30 кг. - МухIамадов ГIабдурахIман (Инхокъвари) ва Мусаев Муса (Агъвали), 32 кг. - ГIабдулаев Ибрагьим (Хуштада) ва МухIамадов ГIабдула (Агъвали), 35 кг. - ГIабдулхаликъов ГIабдула (Агъвали) ва Халилов МухIамад (Агъвали), 38 кг.- МуртазагIалиев Абубакр (Агъвали) ва ХIажиев Шамил (Агъвали), 42 кг.- ГIабдурахIманов ГIабдурахIман (Агъвали) ва Мусаев Шагьид (Гьаквари), 46 кг. - Сажидов МухIамад (Агъвали).

Бергьарал призеразе кьуна грамотаби ва медалалгун гIарцулал сайгъатал.

Баркула бергьаразда ва призерazда щварал бергьенлъаби.

------------------------------

# Медалазул бачIин бакIарана

16-17 декабралда МахIачхъалаялда Дагъистаналъул пачалихъияб педуниверситеталъул спортивияб залалда тIобитIана физкультураялъул институталъул вукIарав директор Вагьаб Минбулатов ракIалде щвеялъе 2006-2007 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъулаб турнир.

Гьенир гIахьаллъана ЮФОялъул, Кабардиназул, Чачаназул ва Ингушазул командаби, гьединго нилъер районалъул ДЮСШялъул команда.

ХIалуцарал къецазулъ турниралъул чемпионаллъун рахъана нилъер спортшколалъул гугарухъаби:

МухIамад Коратов (35 кг.), ГIабдурахIман Хизриев (38кг.), Абубакар ГIумаров (39 кг.), МухIамад Абакаров (51кг.), МухIамад Рамазанов (55 кг.), Юсуп ГьитIинмухIамадов (65 кг.), МухIамад ГIалибахIарчиев (71 кг.), МухIамад Лабазанов (80кг.).

КIиабилеб бакI ккуна ГIусман АхIмадюсуповас (57 кг.).

Лъабабилеб бакIалде ккана МухIамад ЯхIяев (30 кг.), МухIамадкамил Чинчараев (41 кг.), МухIамад ГIабдулаев (44 кг.), ГIабдула МухIамадов (44 кг.), МухIамад Мусаев (48 кг.), МухIамад ГIабдулхIакъов (60 кг.).

Бергьаразе ва призеразе кьуна рекъон кколеб даражаялъул дипломал, медалал ва рачелал.

ГIаммаб хIисаб гьабун, нилъер районалъул спортшколалъул командаялъ ккуна тIоцебесеб бакI.

Баркула киналго гугарухъабазда ва тренеразда щварал бергьенлъаби.

**Шамил Сажидов**

Утерянный аттестат о средном образовании 033816, выданный районной вечерней средней обшеобразовательной школой Цумадинского района 2005 года 25 июня Шейхбагавдиновой Саиде Ахядовне, считать недействительным.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь

2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Щумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«Щумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Щумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru